

Sant Rekiperasyon Dezas nan Houma ak Raceland gen pou li fèmen nèt 25 fevriye

Release Date: February 18, 2022

BATON ROUGE, La. – De (2) dènye Sant Rekiperasyon apre Katastwòf FEMA nan Louisiana ki sitiye nan Houma ak Raceland pral fèmen nèt vandredi 25 fevriye a 6 p.m. FEMA ap kontinye travay ak Biwo Sekirite Nasyonal ak Preparasyon pou Ijans Gouvènè a pou ede sivivan yo ak kominote Louisiana yo refè apre siklòn Ida.

De (2) sant yo sitiye nan:

LPG Government Complex 4876 LA-1 Raceland, LA 70394

East Park Recreation Center (pakin) 107 Robert Street Houma, LA 70363

FEMA ankouraje sivivan yo pou yo rete an kontak ak pou notifie FEMA sou chanjman ki fèt nan adrès postal oswa imèl oswa nimewo telefòn yo, epi pou yo rapòte règleman asirans oswa domaj adisyonèl yo te dekouvri apre enspeksyon kay yo.



FEMA

Page 1 of 1